

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aya opat kaparigelan basa anu kudu dikawasa ku siswa, salah sahijina nyaéta kaparigelan nulis. Nurutkeun Dalman (dina Aulia, 2019, kc.2), kaparigelan nulis nyaéta hiji kagiatan nepikeun pesen ngaliwatan basa tulis salaku alat atawa médiana.

Dina pangajaran basa Sunda, nulis mangrupa kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa luyu jeung kompetensi dasarna. Kaparigelan nulis salah sahijina muncul dina matéri sisindiran. Ieu hal nyoko tina kurikulum Tingkat Daerah 2013 Revisi 2017 anu nuduhkeun sisindiran kaasup materi anu kudu ditepikeun di sakola SMP/MTs kelas VIII kalawan Kompetensi Dasar (KD) di handap:

4.3 Mengekspresikan sisindiran dalam bentuk tulisan dan lisan (misalnya melalui poster, meme, atau tempas sindir) dengan memperhatikan struktur, ekspresi, dan lentong kalimat. (Dinas Pendidikan Jawa Barat, 2017, kc. 37)

Dumasar kompetensi di luhur, hal anu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta dina wangun tulisan jeung lisan. Nilik tina hasil observasi di SMP PGRI 4 Cimahi kelas VIII A taun ajaran 2022/2023 téh dina diajar basa Sunda téh geus kawilang hésé ku siswa, sabab karep diajarna leutik jeung basa Sunda geus teu jadi basa indung di kulawargana séwang-séwangan. Ieu hal ngabalukarkeun siswa hésé maham kana matéri basa Sunda hususna dina diajar nulis maké basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan baris museur kana matotoskeun pasualan dina kaparigelan nulis sisindiran.

Dina kagiatan nulis, siswa kudu miboga kamampuh pikeun ngadumaniskeun kosa kecap tur ngamekarkeun ide jeung gagasanna. Kitu ogé dina sisindiran, siswa kudu mampuh ngadumaniskeun kosa kecap, mampuh ngawangun cangkang, eusi, engang, jeung guru wilangan nu merenah, mampuh dina nyieun kalimah anu purwakanti, tur mampuh dina ngabédakeun wanda sisindiran.

Nurutkeun wawancara jeung guru Sunda di SMP PGRI 4 Cimahi nyaéta Pak Dadang yén aya sababaraha aspék anu ngabalukarkeun siswa hésé maham kana sisindiran: (1) kurangna pangaweruh siswa dina kosa kecap basa sunda atawa masih kamalayan dina nulis basa sunda, jeung (2) kurangna pangaweruh dina mekarkeun

ide jeung gagasanna sabab ayana beungkeutan purwakanti jeung nangtukeun cangkang, eusi, engang jeung guru wilanganna. Lian ti pasualan di luhur, hasil observasi ogé nuduhkeun yén: (1) kaayaan siswa anu pasif, jeung (2) kurang kréativitas siswa boh guruna. Ku kituna, dina era digital ayeuna siswa dipiharep bisa jadi generasi parobahan dina kahirupan anu leuwih hadé (Rahman, 2018, kc. 1)

Salaku guru, dina kagiatan pangajaran kudu ngadumaniskeun kreativitas jeung inovasi sangkan materi nu ditepikeun bisa leuwih dipikapaham ku siswa. Teu saeutik guru méré materi ka siswana maké metode ceramah anu ngalantarankeun siswa babari bosen tur hésé maham kana eusi materina. Dina nulis sisindiran loba pisan siswa anu masih kénéh kamalayan, teu ngalarapkeun struktur sisindiran, aspék kabasaanana tur can mampuh dina ngadumaniskeun ide jeung gagasanna anu balukarna siswa hésé mikir kréatif dina nyieun sisindiran. Ku kituna, salaku guru kudu boga tarékah pikeun ngahontal éta kompetensi dasar jeung udagan pangajaran.

Pikeun ngungkulan pasualan di luhur, enyana loba tarékah anu geus dilakukeun pikeun ngirut jeung ngabantuan diajar nulis sisindiran. Salah sahijina maké média pangajaran. Média pangajaran mangrupa alat jeung bahan pangajaran nu bisa nyieun kagiatan pangajaran jadi sangkil jeung mangkus dina ngahontal udagan pangajaran (Nurrita, 2019, kc.171). Dina pangajaran aya hiji téhnik anu dilaksanakeun gumantung kana udagan anu rék dihontal, bahan anu digunakeun, kondisi emosial, sarta mental (Rahman, 2012, kc.2). Kiwari geus loba média pangajaran anu bisa ngirut kana kagiatan pangajaran. Tapi ulah nepi ka éta média pangajaran ngagantikeun peran guru sacara verbal. Média pangajaran saukur ngabantuan guru pikeun ngahontal kompetensi dasar.

Kacida lobana média pangajaran anu geus dilarapkeun ku guru jeung siswa pikeun ngahontal kompetensi dasar. Hasilna aya nu alus jeung aya nu henteu. Dina panalungtikan ayeuna baris ngagunakeun salasahiji média pangajaran dina wangun *game* monopoli anu satuluyna disebut *Monosin*. Dingaranan *Monosin* (monopoli sisindiran) sabab ieu média husus pikeun pangajaran sisindiran. Jaman kiwari geus teu ahéng kana kaulinan monopoli. Kaulinan monopoli dina pangajaran sisindiran dipiharep bisa ngabantuan siswa sangkan leuwih aktif, inovatif, kréatif, jeung pikaresepeun. Konsép kaulinan monopoli dina pangajaran diadopsi tina kaulinan

monopoli anu umum. Numutkeun Arif Santoso (dina Irawan, 2017, kc.21) ieu kaulinan monopoli dina pangajaran geus dimodifikasi aturanana sarta ditambahan ku pananya-pananya anu kudu dijawab ku siswa salila kagiatan lumangsung.

Média monopoli miboga kaonjoyan pikeun siswa miboga minat diajar, matéri anu dipedar dina wangun pertanyaan, paréntah, jeung tantangan. Ku kituna, muncul rasa hayang nyaho, usaha anu leuwih, jeung tanggung jawab dina ngaréngsékeun pertanyaan, paréntah, jeung tantangan (Lestari, spk., 2021, kc. 279). Nurutkeun Siskawati, spk (2016, kc. 79), kaonjoyan média monopoli dina pangajaran nya éta lian ti ngirut minat diajar, média monopoli ogé leuwih nekenkeun kana gawé bareng, daya saing anu kuat jeung jiwa sportivitas anu luhur pikeun siswa.

Kungsi diayakeun panalungtikan anu maké média monopoli, contona aya panalungtikan ti Miranda Nabilah (2021) anu judulna *Pengembangan Media Pembelajaran Permainan Monopoli untuk Meningkatkan Motivasi Belajar Siswa Pada Materi Zakat Mata Pelajaran Fiqih (Studi di Kelas X MA Al-Fathaniyyah Kota Serang)*. Ieu panalungtikan kaasup kana kritéria “sangat valid” sabab rata-rata *pre-test* nyaéta 45% sedengkeun rata-rata *post-test* nyaéta 85%. Cindekna, yén ieu média monopoli bisa dipaké pikeun pangajaran zakat dina ilmu fiqih.

Kungsi diayakeun ogé panalungtikan anu maké média dina sisindiran, contona aya panalungtikan ti Putri Sri Jayanti (2014) anu judulna *Média Puzzle dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VIII-H SMPN 5 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun média *puzzle* dina nulis sisindiran hasilna signifikan. Rata-rata hasil *pre-test* 16,4 sedengkeun rata-rata hasil *post-test* 20,5. Jadi, ngagunakeun média *puzzle* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Ieu hal ngabuktikeun dina kagiatan proses diajar ngagunakeun média bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa.

Najan aya sababaraha panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun, ieu panalungtikan béda lantaran masalah nu dipedarna béda sarta ngagunakeun média pangajaran anu béda. Lantaran can aya panalungtikan ngeunaan média monopoli dina nulis sisindiran, ku kituna ieu panalungtikan nu judulna “Média *Monosin* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi Taun Ajar 2022/2023)” téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang anu dipedar di luhur, yén aya sababaraha masalah nu nyampak, nya éta struktur anu ngawengku eusi jeung organisasi kalimah sarta aspék kabasaan anu ngawengku éjaan jeung kosa kecap.

1.2.2 Rumusan Masalah

Ku kituna nyoko kana idéntifikasi masalah, bisa dirumuskeun masalah dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Monosin*?
- b. Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média *Monosin*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Monosin*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji média *Monosin* dina pangajaran nulis sisindiran ka siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa nulis sisindiran saméméh dilarapkeun média *Monosin*;
- b. kamampuh nulis sisindiran sanggeus dilarapkeun média *Monosin*; sarta
- c. béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus dilarapkeun média *Monosin*.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun média *Monosin* salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan média *Monosin* dina pangajaran nulis sisindiran.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga tilu mangpaat:

- pikeun siswa, bisa kairut jeung mekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis sisindiran.
- pikeun guru, bisa dijadikeun salaku hiji stratégi pikeun nyiptakeun siswa nu aktif, kritis, kréatif tur dipikaresep
- pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngarancang sarta ngamangpaatkeun média pangajaran nu aya salaku alat pikeun ngamekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori anu ngawengku tiori ngeunaan média pangajaran *Monosin*, langkah-léngkah média pangajaran *Monosin*, nulis téks sisindiran, léngkah-léngkah naon waé nu kudu diperhatikeun nalika ngalakonan kagiatan *Monosin*, pangajaran nulis sisindiran dina kurikulum 2013 revisi 2017, Panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data jeung téknik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku ngawengku kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A di SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran

2022/2023 saméméh dilarapkeun média *Monosin*, kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A di SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023 sanggeus dilarapkeun média *Monosin*, sarta béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII-A di SMP PGRI 4 Cimahi taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna média *Monosin*.

BAB V Panutup, anu ngawengku kacindekan, implikasi panalungtikan sarta rékoméndasi tina hasil panalungtikan.